# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 जून 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु नई दिल्ली के विज्ञान भवन में 'प्रधानमंत्री विकसित भारत रोजगार योजना' के तहत दुइ हजार चारि सौ करोड़ रूपिया कै प्रोत्साहन रासि वितरण कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के देशभर के लाभार्थियन के वर्चुअली संबोधित कइलीं।

**दुनिया आज भारत की युवा शक्ति की चर्चा कर रही है। भारत के टैलेंट, स्किल और पोटेंशियल की चर्चा सब दूर हो रही है। दुनिया भारत के युवाओं की क्षमता को भली–भांति पहचानने लगी है।**

योजना के तहत प्रदेस क लखनऊ, ग्रेटर नोएडा आ वाराणसी के सथहीं सतरह जिलन में कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। येह योजना क उद्देस्य रोजिगार सृजन में तेजी लावल, रोजिगार क्षमता बढ़ावल आ सज्जो सेक्टरन में सामाजिक सुरक्षा कवरेज क विस्तार कइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहले हवें कि आजु दुनिया भारत में निवेस कइ रहलि हौ आ ओहसे जुड़ि रहलि बा। माई गॉव इंडिया के एगो सोसल मीडिया पोस्ट के साझा करत श्री मोदी कहलें कि देस एगो बढ़ियां ग्रह के निरमाण में जोगदान देवे बदे हमेसा तइयार हौ। प्रधानमंत्री दुनिया के साथे भारत के सम्बन्ध के ढेरे परभावी बनवले में सहजोग देवे बदे देस क एक सौ चालीस करोड़ लोगिन के धन्यवाद दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या के रूदौली विधानसभा क्षेत्र में राजकीय आयुर्वेदिक महाविद्यालय आ चिकित्सालय के सथहीं तीनि सौ अठहत्तर करोड़ रूपिया से बेसी के एक सौ छब्बीस परियोजनन क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि जवने उत्तर प्रदेस के लोगि बेमारू राज्य कहत रहलें ऊ आजु विकास के राहि पर बा। उत्तर प्रदेस अब देस के अर्थव्यवस्था क ग्रोथ इंजन बनि चुकल हौ। उहां के कहलीं कि पछिला नौ सालि में प्रदेस जवन प्रगति कइले बा ऊ सामूहिक कोसिस क नतीजा हौ।

**पिछले 9 वर्षों के अंदर उत्तर प्रदेश में जो ये प्रगति की है, ये प्रगति उसी का परिणाम है। सामूहिकता का परिणाम है, सबके सामूहिक प्रयास का परिणाम है। आज उसके रिजल्ट दिखाई दे रहे हैं। जिस उत्तर प्रदेश को लोग आज से 10 वर्ष पहले बीमारू कहते थे, जिस उत्तर प्रदेश के नाम पर कोई पहचान नहीं थी, आज वो उत्तर प्रदेश अपनी शानदार यात्रा को लेकर के चल रहा है।**

मुख्यमंत्री अजुये गोण्डा जिला के दौरा कइ के देवीपाटन आ बस्ती मण्डल के परियोजनन के प्रगति क समीक्षो कइलें।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु बिहार के छपरा जंक्सन रेलवे स्टेसन से वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिये प्रदेस के यात्रियन के सुविधा के देखत महत्वपूर्ण ट्रेन सेवन क उद्घाटन कइलें। एहमें दोहरीघाट–औंड़िहार मेमू ट्रेन सेवा क वाराणसी सिटी ले मार्ग विस्तार, मऊ–दिल्ली–आनन्द विहार टर्मिनस–नियमित एक्सप्रेस ट्रेन सेवा आ छपरा–दिल्ली–आनन्द विहार नई एक्सप्रेस रेल सेवा सामिल हौ। येह मौका पर मऊ जंक्सन रेलवे स्टेसन पर आयोजित कार्यक्रम में प्रदेस सरकार क नगर विकास आ ऊर्जा मंत्री अरविंद कुमार शर्मो सामिल भइलें।

**********

केंद्र सरकार के बारह सालि के विकास यात्रा के ले के पत्र सूचना कार्यालय–पीआईबी वाराणसी की ओरि से आजु ओइजा 'वार्तालाप' मीडिया कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर प्रदेस क स्टाम्प आ न्यायालय सुल्क अउरि पंजीयन विकास क राज्य मंत्री–स्वतंत्र प्रभार रविंद्र जायसवाल सरकार के बारह सालि के उपलब्धियन पर रोसनी डरलें।

**भारत के राजनीति में, विधायिका में, बनारस के सांसद को सबसे लंबे इलेक्टेड प्रधानमंत्री का कार्यकाल करने का अवसर भी मिला। बनारस के लोगों ने दिया है और उसके रिटर्न गिफ्ट के तौर पर माननीय प्रधानमंत्री जी ने 48,000 करोड़ रुपये से काशी के विकास की गाथा भी लिखी है।**

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए, अत्तवार के होखे वाली राष्ट्रीय पात्रता–सह–प्रवेश परीक्षा– स्नातक नीट–यूजी के पुनर्परीक्षा में सामिल होखे वाला ओम्मेदवारन बदे एगो आधिकारिक व्हाट्सएप संचार चैनल सुरू कइले हौ। एनटीए साफ कइले बा कि सज्जो आधिकारिक व्हाट्सएप सनेसा खाली ओकरे सत्यापित नम्बर–नौ एक–सात आठ दुइ सात नौ आठ सुन्न दुइ आठ सात के जरिया से भेजल जाई। एजेंसी ओम्मेदवारन के सलाहि दिहले हौ कि एनटीए से भेजल गइल कउनहूं सनेसा पर भरोसा कइले से पहिले नीला सत्यापन चिन्ह आ 'राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी'' नांव क जांचि कइ लें।

**********

प्रदेस में तेज घाम के साथे उमस भरल गरमी क परकोप जारी बा। येह बिच्चे मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में बिहने से तेइस जून ले मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग येह दौरान पूरबी उत्तर प्रदेश में कहीं–कहीं लुह चलले क येलो अलर्टो जारी कइले बा।

**********